



**Bill de Blasio**  
Mayor

**Human Resources  
Administration**  
Department of  
Social Services

**Steven Banks**  
Commissioner

**Department of  
Homeless Services**

## **PATHWAY HOME**

### **DEKLARASYON KONPREYANSYON MOUN KI APLIKE POU PWOGRAM NAN**

Non Moun ki Aplike pou Pwogram nan: \_\_\_\_\_

Anba Pwogram Pathway Home nan, si ou kalifye epi si ou ale nan yon kay manm fanmi ou oswa zanmi ou, Minisipalite Vil New York ("Minisipalite Vil la") ap voye yon peman pa mwa ba manm fanmi ki gen non li nan kontra lwaye a oswa ki se responsab prensipal ki gen obligasyon pou peye chak mwa pou kay la ("Lokatè Prensipal"). Kantite lajan Minisipalite Vil la ap peye ba Lokatè Prensipal la rele "Peman Pathway Home pa Mwa."

**Si yo jwenn mwen kalifye pou Pwogram Pathway Home, mwen pran angajman sa yo kòm yon kondisyon patisipasyon mwen nan Pwogram nan:**

1. Mwen rekonèt Minisipalite Vil la ap idantifye kantite lajan apwouve Peman Pathway Home mwen pa Mwa nan avi kalifikasyon mwen. Kantite lajan Peman Pathway Home mwen pa mwa p ap chanje pandan patisipasyon mwen nan Pwogram nan, ki ka pou apeprè yon peryòd 12 mwa, kèlkeswa chanjman nan kantite moun ki nan fanmi mwen.
2. Mwen rekonèt Minisipalite Vil la pral fè Peman Pathway Home pa Mwa dirèkteman ba Lokatè Prensipal la chak mwa pandan apeprè yon ane, toutotan mwen kontinye ap viv nan kay la.
3. Mwen dakò pou aplike pou tout sipò travay mwen gen dwa pou resevwa. Sipò travay sa yo gen ladan avantaj piblik ak kredi fiskal, tankou Kredi Taks sou Revni ou Touche (Earned Income Tax Credit, EITC), Kredi Taks pou Timoun (Child Tax Credit, CTC) ak Kredi Taks pou Gadri (Child Care Tax Credit, CCTC).
4. Mwen rekonèt m ap resevwa kle kay la nan men Rezidan Prensipal la.
5. Mwen rekonèt mwen dwe fè Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA) Vil New York konnen nenpòt chanjman nan adrès mwen.
6. Mwen rekonèt mwen dwe fè HRA konnen imedyatman lè nenpòt nouvo moun vin abite nan kay la. Pou fè sa, mwen dwe rele HRA nan nimewo 929-221-0043.
7. Mwen rekonèt Minisipalite Vil la p ap fè Peman Pathway Home pa Mwa si viv avèk fanmi dakèy lan nan kay la reprezante yon risk pou sante, sekirite oswa satisfaksyon moun k ap viv nan kay la.
8. Mwen rekonèt mwen dwe chèche tout sèvis ki apwopriye pou travay pou jwenn lojman nan apatman pa mwen tankou, men pa sèlman, plasman nan travay ak konsèy finansye.
9. Mwen rekonèt si mwen pa gen rezon valab pou ale nan kay la, mwen ka gen obligasyon pou peye Minisipalite Vil la nenpòt Peman Pathway Home pa Mwa Minisipalite Vil la te fè ba Lokatè Prensipal la.

10. M ap kolabore nèt avèk Minisipalite Vil la nan administrasyon Pwogram Pathway Home.
11. Mwen rekonèt Peman Pathway Home pa Mwa yo ap fini si mwen kite kay fanmi ebèjman yo apwouve a.
12. Mwen rekonèt Responsab Dosye oswa Espesyalis Lojman ki siyen anba la a siyen sèlman pou li kapab fè konfimasyon ki edike anwo siyati li.

*Siyati ki Obligatwa yo*

**Mwen li epi mwen konprann obligasyon mwen yo anba Deklarasyon Konpreyansyon Patisipan nan Pwogram sa a.**

\_\_\_\_\_  
Dat la                      Siyati Manm Fanmi an

\_\_\_\_\_  
Dat la                      Siyati Manm Fanmi an

Mwen konfime tout moun k ap viv nan kay epi ki prezan nan kay la te endike aloral yo konprann poukisa yo te bay akò yo ki endike nan dokiman sa a, epi tout manm adilt ki nan kay la te siyen epi resevwa yon kopi akò sa a.

\_\_\_\_\_  
Dat la                      Manadjè Dosye oswa Espesyalis Lojman